Маршо Радио

View the original article

КЕРЛАНАШ

# Норвегехь бехачу нохчийн доьзалера схьайаьккхина хилла йоI кхелхина

Гезгмашин-бутт 16, 2026




Норвегин полици

Нохчийчуьра доьзалан да-нана лаьцна берашна тIехь гIело латтийна цара аьлла, ткъа церан 14 шо долу йоI Берген гIаларчу центрехь латтош хиллера. Масех де даьлча и йоI йелла университетан Хаукеланд цIе йолчу дарбанан цIийнехь. И гIуллакх нисделла масех де даьллачул тIаьхьа оцу дарбанан цIийнехь кхелхина йоI. Цуьнан цIе а, иза мича бахьанаца кхелхина а дуьйцуш дац.

Меттигерчу ВА агенталло марсхьокху-беттан йуьххьехь хаамбира оцу доьзалан да-нана кха кIиранна хан а тоьхна, лацарх лаьцна, дийцарехь цу шиннан 50 гергга шераш ду. Цара бакъ дац боху, шаьш доьзалехь берашна тIехь ницкъ бора бохург. Талламан тIедилларца, бераш гар а, цаьрца зIе латтор а доьхкуш, кхело церан йоI

социалан хьукмате дӀакхачийра. Берашна тӀехь Ӏуналла латтош йолу хьукмат йу иза, цигахь Ӏедало схьададьхначу берашка хьовсуш хуьлу говзанчаш.

Хьалхо тоьхна хан чекхйаьлча, кхело кхин а кхаа кӀиранна чохь дитина доьзалан да-нана. Церан 14 шо долу йоӀ йелла университетан Хаукеланд цӀе йолчу дарбанан цӀийнехь, гезгамашин-беттан 9-чохь цхьа сингаттам Ӏоттабелла масех де даьлча, хаамбира NRK сайто. Ткъа хилларг билггал хӀун дара а, цкъачунна къаьстина дац.

Полицино толлуш ду гӀуллакх, социалан хьукматаша а шайггара таллам болийна цу хьокъехь. ЙоьӀан да-нана лаьцна дуьтуш ду кхин дӀа а. Ненан адвокато Надь Мольвер Лидияс бахарехь, "массо а тӀулга буха хьаьжна а" шайн йоӀ кхалхар нийсонца толлур ду аьлла, доьзал сатесна бу, далийна цуьнан дешнаш ВА агенталло.

ЙоӀ йалар бакъ ду аьлла, тоьшалла дира тхан редакцига нохчийн диаспорехь болчара а. Доьзалера ишта схьаваькккхина хилла ши кӀант а. "Диаспорин векалш, Къанойн кхеташо а, бакъонашларйархой а, зударийн бакъонаш Ӏалашйен Комитет, тхо массо а тидам тӀе а бахийтина, бакъдерг гучудаккха хьийза", - аьлла тхоьца къамел динчу вахархочо, шен цӀе а ца йоккхуш.

Оцу хьолах лаьцна ишта комментари йира нохчийн омбудсмено Солтаев Мансура а. Цо дӀахьедина, Оьрсийчоьнан бакъонашларйархочуьнга Лантратова Яне а, арахьарчу гӀуллакххийн министралле а дехар дан дагахь ву ша, оцу гӀуллакхан йист йаккхар доьхуш аьлла. Тхан редакцино официалехь хеттарш дахьийтина Норвегин полицига а, социалан хькукматашка а хиллачух лаьцна.

- Бусулбачу мухӀажарийн доьзалашкара бераш схьадоху, церан дай-наной "ЛГБТ-на дуьхьал хиларна"- цунах лаьцна дӀахьедира нохчийн Ӏедалхоша меттигерчу телеканалан эфирехь. Хьаькамашна хетарехь, Европехь берашца ваха хала ду, къаьсттина скандинавийн пачхьалкхашкахь кхераме ду. Мел бух болуш ду хӀара чӀагӀдарш аьлла, Тхан редакцино дийцаредира Норвегира а, Швейцарера а, Францира а, Бельгира а, Германира а бакъонашларйархошца а, экспертащца а.
- Нохчийн омбудсмено Солтаев Мансура дӀахьедира, Къилбаседа Кавказера зударий дукха лерина Ӏалашбеш бу, йукъараллехь цара коьртера меттиг дӀа а лоцу аьалла. Иштта цо кест-кеста олу, Нохчийчуьра бахархойн бакъонаш а, маршо а Ӏалашйеш йу, ткъа бакъонашларйархоша бертаза леца а лоьцуш, бахархой Украинерчу тӀаме хьийсабо, къайлахчу набахттешкахь нах латтабо, "сий лардеш" зударий бойъу бохуш дуьйцург малхабалерчу къайлахчу сервисинй питанаш ду бохура цо.

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю